# ӘЖИНИЯЗ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ АТ ОБРАЗЫ

**Кудияров А.Р.**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети доценти, т.и.к.*

**Аметов А.**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети еркин излениўшиси*

Атлар әййемги дәўирлерден баслап ҳәзирги күнимизге шекем халқымыз турмысында үлкен әҳмийетке ийе болып келмекте. Олар турмыста тек адамға дос, көлик ямаса азық-аўқат өними болып қалмастан, ал инсанның саламатлығын жақсылаўға да өзиниң үлесин қосатуғынлығы белгили. Атларға ата-бабаларымыз инсанға қандай итибар менен қараған болса, сондай үлкен меҳир менен тәрбия берген. Инсанның досты ҳәм қол-қанаты болған оларды ардақлап, күтимин берип минген. Ат минген адам жолда қалмайды. Ат ойынлары менен шуғылланған инсан бәркулла саламат болады деп есаплаған. Халқымызда «Ат – жигиттиң мурады», «Ешек жығылтса туяғын, ат жығылтса жалын төсейди», – деген даналық гәплер бар.

Қарақалпақлар да басқа халықлар сыяқлы ертеден атқумар халық болғанлығы себебли, оларды өсирип-көбейтиў ҳәм пайдаланыўды жақсы жолға қойған. Атларды қәлеген адам бағып, күтимин берип жетистириўди ислей бермеген. Әсиресе атқа байланыслы халық ойынларына қатнасатуғын атлардың өз алдына бағарманы болған. Руўхый дурданаларымыздың ажыралмас бир бөлеги есапланған, халқымыздың күнделикли турмысында ерте дәўирлерден берли белгили ат ойынлары болып есапланады. Олар әўладтан-әўладқа, атадан-балаға өтип, ең қәдирли халық ғәзийнеси сыпатында изин жоғалтпай киятырған, тәрбиялық әҳмийеттеги ҳәр қыйлы жәмийетлик ҳәм турмыслық белгилерди өз мазмунына сиңдирип алған ҳәм олар менен бирге кәлиплесип, раўажланған әмелий, илимий имканиятлары менен ажыралып турады. Ата-бабаларымыз ул-қызларын мәрт, шаққан батыр етип тәрбиялаў ушын, аттың үстинде отырыўға ҳәм басқарыўға жүдә үлкен дыққат бөлген. Балаларды бес жасынан атта отырыўға үйреткен.

Соның менен бирге, халықтың тийкарғы хожалық ислеринде, дийқаншылығында, транспорт ислеринде де күш-көлик сыпатында атлардан көплеп пайдаланатуғын болған. Усының нәтийжесинде олар арасынан атларды таңлап миниў, олардың түр-түси, күши, жорғасы, шабысы ҳәм басқа да шеберликлерине күшли итибар бериле баслаған.

Қарақалпақлар турмысында атлар бурын қандай әҳмийетке ийе болса, ҳәзир де өз әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Алыс-алыс аўылларымызда транспорт есабында, дийқаншылықта, халық хожалығында ҳәм санаатта пайдаланып киятыр. Себеби жылқының сүти, гөши адамларға тамақ ушын, ал жүни ҳәм териси кийим ушын қолланылады. Жылқыдан қымыз алынып әййемде ҳәм ҳәзирги ўақытта да адамлар ушын емлеў ўазыйпасын атқарған.

Атлар әзелден бизиң ата-бабаларымыздың не ис пенен шуғылланса да қол-қанаты болып есапланады. Биз оны қарақалпақ фольклорлық дәстанларында ҳәм жазба әдебиятымыз дөретиўшилери болған шайыр ҳәм жазыўшылырымыз шығармаларында да атлар образы жаслар үлги алғандай садық дос сыпатында сүўретленгенин көремиз. Қарақалпақлар әзелден ат қумар халық болғанлығы себебли оларды жетистириў ҳәм пайдаланыўды жақсы билген.

Атлардағы меҳир-муҳаббат, инсанларға тән болған сезимлерге ийе болыўын көрсететуғын шығармалар жазыўшыларымыз ҳәм шайырларымыз тәрепинен жазылған. Олардың қатарында қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкили Әжинияз Қосыбай улы болып есапланады. Биз Әжиниyаздың дөретиўшилигин үйрениў барысында халқымыздың тарийхында атлардың орнының жоқары екенлигин көрсетип бергенлигиниң гүўасы болдық. Атап айтқанда турмыста аттың орнын көрсетип бериўши қосықларын көрсетип өтсек болады. Мысалы: *«Қыял етсем мениң көңилим, Ертлеўдеги атқа мегзер».* Мақтумқулы шығармаларын Әжинияз бенен салыстырып үйренген Ә.Пирназаровтың жазыўынша, ол образлылықта байытыў менен қатар таза теңеўлер табады, таза пикирлер айтады: адам кеўлиниң, адам қыялының ушқырлығын ертлеўли атқа мегзейди. Мысал етип алсақ, қазығында турып, топылымды көрген тулпар аспанға шапшыйды, алыстағы атлардың дүбирлисинен сетем алады. Әжинияздағы: «Қыял етсем мениң кеўлим, Ертлеўдеги атқа мегзер» деген теңеў пикирди раўажландырады, образлылықты күшейтеди [Пирназаров, 2022. - 38].

Шайыр өзи жасаған орталықта тәрбия көргенлик, мийзамкешлик, адамгершилик уқсаған сыпайылыққа тән пазыйлетлерди жүдә жоқары қәдирлеген. Әне, буның яғный тәрбия көргенликтиң ҳеш баҳасы жоқ, - дейди шайыр. Әжинияз жасаған заманда, орталығында әдеп-икрамлы болыў, гуманистлик, адамгершилик идеалларды ардақлаў дәстүр болған ҳәм оның өзи де сол дәстүрлерди беккем тутқан. Усы нийетте өзиниң жүрис-турысы менен, әсиресе, журттан асқан ақыл-хуўшы менен, жипектей минези менен, сыпайыларға тән билимли ҳәм түсимпаз келиўи менен, илгир зейинлилиги менен ажыралып турған адамларды көпшилик сыйлай билген ҳәм соларға қарап өзин дүзеген. Бул ҳаққында шайыр:

*...Атқа минген билән қәтқуда болмас,*
*Йурттан асқан ақыл-хуўшы болмаса* [Әжинияз, 2014. - 49].

– деп көрсетеди. Әжинияздың көп қосықларында жәмийетте адам өзин қалай тутыўы кереклиги жөнинде айтылады. Әжинияз ел басқарған бийлердиң ишинде ели ушын аянбайтуғын, пидайы басшылардың көп болғанлығын ескертип, қарақалпақ халқының *«Бес жүз мөҳирдарлы бийлери бардур»*, - деп көтермеледи. Әжинияз усындай ел басқарыў исинде аты шыққан адамлар ғана халыққа бийлик жүргизиўи лазымлығына тәрепдар болды. Неге дегенде: *«Атқа минген билән қәтқуда болмас, Журттан асқан ақыл хуўшы болмаса».* Шайырдың түсинигинше, ел бийлери ҳалық арасындағы үрп-әдет, дәстүрлерди, турмыслық мәселелерди жетик түсинетуғын, ел арасындағы даў-жәнжеллерди шешиў ислеринде бай билим ҳәм тәжирийбелерге ийе болыўы лазым [Әлеўова, 2015. – 17-18].

Әжинияз елдиң ат көтерген жигитлери қандай сыпатта болғанын былай тәрийплейди:

*Жигити бизиң елдиң болар ғошшақ,*
*Белинде тиллә кәмар, алтын пышақ,*
*Мингени арғымақ ат, мойны қуўдай,*
*Үстинде ақ баслы ер, басы шашақ.*
*Басында алтын жүўен, қос сийнемент,*
*Көйлекшесиниң шашағы қушақ-қушақ,*
*Өткерген қуйрығына алтын ғубба,*
*Жалы менен кеклигинде маржан-моншақ.*

Солай етип, шайыр өз заманының идеал жигитлери образын жасайды. Олар өз орнында сөйлейди, қәдирин билетуғын адамнан дос тутады: сақаўатлы, қайыр-сақаўатлы, қолы өнерли жигитлер. Олар ықлас-нийети дурыс жигитлер [Пирназаров, 2022. – 65-67].

Әжинияз «Бозатаў» поэмасында да халықтың турмысында аттың орнына жоқары баҳа бергенлигин көремиз:

*Йоқ едим, бар болдым камалға келдим,*
*Минип әреби атлар, дәўранлар сүрдим,*

- деп жазады. Шайыр өзиниң Қыз Менеш пенен болған айтысында да аттың орнын жоқары қойғанлығын көремиз. Атап айтқанда:

*Жигити гил шабандоз, бәри шаққан,*
*Арғымақ ат тарқалған бизиң жақтан,*
*Бул жақта айға шапқан ат көрмедим,*
*Жигитиң серке минип қойын баққан.*
*Көкбарыў-ылаққа кеңдур арасы,*
*Көкбар, ылақ ойнар йигити барды.*
*Ер йигитлер өз теңинен кем болур,*
*Айдармалы минер аты болмаса.*
*Йигитке әреби ат керек, әўелҳа,*
*Екинши зәң керек, хошүрей, бәзийа,*
*Андын соңра перзент керек, ҳәм дүнья,*
*Дүньясызға ләйлу-нәҳар тән болур* [Әжинияз, 2014. – 19, 51,67].

Бундай мысалларды еле де даўам еттире бериўимиз мүмкин. Мысалы Әжинияз шайырдың қосықларында

*«Заманымыз, йоқтур йигит йурмага,*
*Ат минип, тон кийип, дәўран сүрмага»,* - деп жазады [Қощанов, Алланазарова, 2014. – 5, 19].

Қарақалпақлар «ат жигиттиң мураты», «ат жигиттиң қанаты» дейди. Демек, елдиң арнамысын қорғайтуғын батырдың батыр болыўы да атларға байланыслы. Ат өзиниң ийесин жаў қолында таслап кетпейди, егер батыр жараланса жерге қуласа, аты кетпейди, оны бағып қалады. «Ат айланып қазығын табар» дейди халқымыз. Бул сөз бийкарға айтылмаған. Ат ҳеш ўақытта өзиниң туўған жерин, үйирин умыта алмайды екен. Егер ат уйқыға кетсе, түсинде тек өзиниң туўған жерин көретуғын қусайды.

Улыўма Әжинияз дөретиўшилигинде ат образына жоқары баҳа береди. Халқымыз турмысында, инсанийлықта, әдеп-икрамлылықта, улыўма адамгершилик пазыйлетлерин көрсетип бериўде ат образынан пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көремиз. Шайырдың дөретиўшилигин оқыў арқалы халқымыздың турмысында аттың ҳәр тәреплеме унамлы көрсетип берилгени ҳаққындағы қатарларды оқыймыз. Соның менен бирге атлардағы жақсы пазыйлетлерди аңлаймыз. Атларды қәстерлеў, оларға итибар менен қараў, меҳир менен тәрбия бериў сыяқлы дәстүрлерди даўам еттирсек, келешек әўладларымызды да мәрт, батыр, салдамлы етип тәрбиялаўға белгили дәрежеде тәсири болары сөзсиз.

## ӘДЕБИЯТЛАР

1. Пирназаров Ә. Әдебиятшы, сыншы, алымның Әжиниязтаныў илими. «Avangard-baspa», Нөкис, 2022.
2. Әжинияз. Нөкис, «Илим», 2014.
3. Әлеўова Г. Әжинияз Қосыбай улының сиясий-ҳуқықый көзқараслары. Нөкис, «Qaraqalpaqstan», 2015.
4. Пирназаров Ә. Әдебиятшы, сыншы, алымның Әжиниязтаныў илими. «Avangard-baspa», Нөкис, 2022.
5. Әжинияз. Нөкис, «Илим», 2014.
6. Қощанов Б.А., Алланазарова Б. Әжинияз шығармалары тарийхый дерек. Н. 2014.